



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 5/3/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO LANSE KANPAY "NO EXCUSES" POU KONBAT MINÈ KAP BWÈ ALKÒL NAN NEW YORK

NYS Liquor Authority, defansè ak Patnè yo nan endistri a ap mete ansanm pou avanse responsabilite Alkòl ak anpeche lavant pou minè yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te lanse kanpay “No Excuses” ki vize nan diminye sou minè kap bwè alkòl yo nan New York. Kanpay edikasyon nan tout eta gen ladan distribisyon plis pase 15,000 materyèl afiche, nan lang Angle ak Panyòl, pou restoran ak magazen alkòl yo nan eta.

“Pandan twòp tan nou te temwen sou danje minè kap bwè alkòl yo ansanm avèk konsekans trajik ak boulvèsan ki akonpaye l,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk sezon bal ak gradyasyon ki preske rive, kanpay sa ap voye mesaj ke konpòtan neglijan sa tou senpleman pa vo anyen.”

New York State Liquor Authority an konjonksyon avèk Fondasyon pou Avanse Responsabilite Alkòl te demare kanpay la nan tout eta alavans de sezon bal ak gradyasyon e li te kòmanse distribisyon plizyè milye materyèl afiche pou boutik ki gen lisans likè yo toupatou nan New York. Gwoup yo ap òganize aktivite lansman avèk detayan bwason yo nan Albany, Buffalo, Vil New York ak Rochester, avèk patisipasyon otorite lapolis lokal, ki nan premye nivo pou konbat minè kap bwè alkòl yo.

Manm yo soti nan tout nivo nan endistri bwason an te rasanble ansanm pou kanpay “No Excuses”. Responsibility.org reprezante distilri ki alatèt nan peyi a ansanm avèk patnè lavant angwo yo enkli Southern Wine & Spirits ak Empire Merchants. Asosyasyon andetay ki annaprè yo ap patisipe nan pwojè a:

- The New York State Liquor Stores Association
- Empire State Restaurant and Tavern Association
- Metropolitan Package Store Association
- Alliance Detayan

“Retire alkòl nan men yon minè se yon gwo priyorite nan New York State Liquor Authority,” **Vincent G. Bradley, Prezidan New York State Liquor Authority te deklare.** “Toutfwa, nou angaje pou travay nan premye nivo pou asire ke yo vann adilt sèlman alkòl nan fason responsab.”

“Yon move desizyon, tankou itilize yon fo Idantifikasyon nan yon bar oswa al kondwi apre w fin bwè yon vè alkòl, ka gen konsekans pandan tout lavi, se poutèt sa li enpòtan pou n travay ansanm pou souleve sansibilizasyon epi retire alkòl nan men jèn adilt yo,” **Komisyone Egzekitif Adjwen NYS DMV ak Prezidan pa Entèrim Komite Sekirite Trafik Terri Egan te deklare.** “DMV ak GTSC fyè pou l fè patenarya avèk SLA sou kanpay ‘No Excuses’, e nan lòt aktivite ak investigasyon konjwen pandan tout ane a, avèk objektif komen pou dekouraje minè kap bwè alkòl epi kenbe Nouyòkè yo ansekirite.”

“Swasant dis pousan nan elvè 12yèm ane yo nan Eta New York te itilize alkòl,” **Komisyone NYS OASAS Arlene González-Sánchez te deklare.** “Minè kap itilize alkòl mete jèn moun yo a risk pou adiksyon pita nan lavi. Retade itilizasyon alkòl ka ede anpeche abi sibstans ak adiksyon pita nan lavi.”

“Jèn New York ki anba laj legal pou achte alkòl ta dwe avize ke SLA ansanm avèk endistri bwason an inifye nan angajman nou pou lite kont minè kap bwè alkòl,” **Ralph Blackman, prezidan ak PDG Responsibility.org te deklare.** “Ane apre ane, fanmi ak zanmi ap kontinye yon sous prensipal alkòl pou jèn jodia yo, kidonk kanpay sa se yon mesaj pou paran yo, egalman. Paran yo se enfliyans prensipal sou desizyon adolesan yo pou bwè alkòl – oswa pou yo pa bwè – alkòl, e kanpay ‘No Excuses’ la bay yon gwo opòtinite pou paran yo kòmanse konvèsasyon an avèk adolesan yo epi fè yo konnen ke minè kap bwè alkòl danjere anpil e nou pap tolere l.”

Anplis, SLA te konsiderableman entansifye aksyon lapolis pou diminye lavant minè yo pou bay edikasyon a moun ki gen lisans yo sou responsabilite yo. Pouswit SLA pou lavant minè monte jiska 50 pousan, pandan ke kantite boutik ki gen lisans ansanm avèk anplwaye yo te konplete Pwogram Sansibilizasyon Fòmasyon Alkòl pou anpeche minè kap achte alkòl te ogmante pa plis pase 150 pousan sou menm peryòd tan.

SLA ak DMV se manm entegral nan Komite Sekirite Trafik Gouvènè a, ki finanse inisyativ pou dekouraje minè kap bwè alkòl epi kenbe wout New York yo ansekirite. Operation Prevent la vize pou redwi minè kap bwè ak itilizasyon fo dokiman idantifikasyon. Pandan operasyon Anpeche baleyaj, investigatè DMV yo ap travay pandan tout ane a avèk lapolis lokal e nan detay sible avèk SLA pou tcheke dokiman idantifikasyon epi kenbe kliyan minè yo pou pa jwenn alkòl nan bar yo, etablisman alkòl, depanè, konsè ak aktivite. Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa Janvyè ke efò Operation nan 2015 sa ki te lakoz nan preske 760 arestasyon ak sezi plis pase 750 fo dokiman.

GTSC pa twò lontan de sa te dirije kanpay edikasyon sekirite pou chofè adolesan “Pa gen Chèz Vid” pou souleve sansibilizasyon sou danje ki gen sou otowout la pandan adolesan yo ap kondwi.

Fondasyon pou Avanse Responsabilite Alkòl se yon òganizasyon non-pwofi nasyonal kap dirije lit pou elimine kondwit sou enfliyans alkòl ak minè kap bwè e li finanse pa

distiyè ki annaprè yo: Bacardi U.S.A., Inc.; Beam Suntory Inc.; Brown-Forman; Constellation Brands, Inc.; DIAGEO; Edrington; Hood River Distillers, Inc.; ak Pernod Ricard USA. Pandan 25 ane, Responsibility.org te transfòme lavi anpil moun grasa pwogram nan kap pote endividyèl, fanmi ak kominote ansanm pou gide yon konvèsasyon pandan tout yon vi sou responsabilite alkòl. Pou aprann plis, tanpri vizite: Responsibility.org.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418